# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–27 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क पहिला फेरा में प्रदेस क आठ सीटिनि पर नामांकन क आखिरी समय सीमा आजु पूरा हो गइल। पहिला फेरा में सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत लोकसभा सीटिनि खातिर ओन्नइस अप्रैल के चुनाव होई। आठ सीटिनि पर नामांकन के आखिरी दिन पीलीभीत में भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रदेस क लोक निर्माण विभाग मंत्री जितिन प्रसाद आपन नामांकन पत्र दाखिल कइले। ओहर रामपुर लोकसभा सीटि बदे सपा प्रमुख अखिलेश यादव क करीबी मोहिबुल्लाह नदवी अउर सीनियर सपा नेता आजम खां क करीबी आसिम राजा अउर हाफिज अब्दुल सलाम आपन–आपन नामांकन कइलें।

एकरे सथही शामली जिला क कैराना लोकसभा क्षेत्र से भाजपा रालोद गठबंधन ओम्मेदवार प्रदीप चौधरी परचा भरलें। ओहर रामपुर लोकसभा सीटि से भाजपा नेता घनश्याम सिंह लोधियो आजु परचा भरलें हवें । पहिला फेरा क सीटिनि बदे नामांकन परचन क जांचि बिहने कइल जाई अउर तीस मार्च ले नाव वापिस लीहल जा सकी। एहमन एक करोड़ तैंतालिस लाख मतदाता ओम्मेदवारन क भागि क फैसिला करिहें। ओटे क गिनती चार जून के होई ।

**********

लोकसभा क दुसरका फेरा क चुनाव बदे अधिसूचना बिहने जारी कइल जाई। ऐह फेरा में बारह राज्यन अउर एगो केन्द्र सासित प्रदेस क नवासी लोकसभा सीटिनि बदे चुनाव होई दूसरा फेरा में केरल क बीस, कर्नाटक क चउदह, राजस्थान क तेरह, उत्तर प्रदेश्स अउर महाराष्ट्र क आठ–आठ, मध्य प्रदेश क सात, असम अउर बिहार क पांच–पांच, पश्चिम बंगाल अउर छत्तीसगढ़ क तीनि तीनि, मणिपुर त्रिपुरा अउर जम्मू कश्मीर क एक–एक सीटि पर चुनाव होई। ओम्मेदवार चारि अप्रैल ले नामांकन परचा दाखिल कइ सकेले अउर मतदान छब्बीस अप्रैल के होई।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान प्रतिशत बढ़ावे बदे प्रदेश में कई गो जागरूकता कार्यक्रमन का आयोजन कईल जा रहल हौ। एकरे सथही आम लोगिन से ढेर से ढेरि संख्या में ओट करे क अपीलि कइल जा रहलि हौ।

बनारस में समाजिक संस्था आशा ट्रस्ट अउर एक देस सामान शिक्षा अभियान के संयुक्त तत्वावधान में छौ दिन ले चले वाला मतदाता जागरूकता जतरा क शुभारंभ कइल गइल। ई जतरा बनारस क डाक्टर आम्बेडकर पार्क से सुरू हो के भदोही, प्रयागराज, बांदा, चित्रकूट, हमीरपुर, इटावा, औरैया, कानपुर, उन्नाव होत एक अप्रैल के लखनऊ पहुंची। एही क्रम में अमरोहा में आजु आले अहमद बालिका इण्टर कॉलेज अउर रमाबाई आम्बेडकर डिग्री कॉलेज गजरौला की ओरि से आजु मतदाता जागरूकता रैली निकारलि गइल। रैली में छात्रा लोगि सज्जो लोगि से मतदान करे क अपीलि कइलिन। ओहर कुशीनगर जिला में सहायक जिला निर्वाचन अधिकारी मोहम्मद जफर निर्वाचन आयोगि से जारी निर्देश के क्रम में बतवलें कि आयकर विभाग कि ओरि से एगो कंट्रोल रूम बनावल गइल हौ। जेकर टोल फी नम्बर–एक आठ शून्य शून्य एक आठ शून्य सात पांच चार शून्य आ व्हाट्सअप नम्बर् छौ तीनि आठ आठ सात तीनि छौ तीनि सात तीनि हौ।

ऐह नम्बरन पर निर्वाचन के प्रभावित करे के उददेश्य बदे प्रयुक्त नकदी अउर कालाधन संबंधी सिकाइति कइल जा सकेला।

**********

भाजपा नेता अउरि मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मथुरा, मेरठ अउर गाजियाबाद में आयोजित प्रबुद्ध वर्ग सम्मेलन में सामिल भइलें ।

मथुरा में आयोजित सम्मेलन में मुख्यमंत्री कहलें दस बरिस में आपसब बदलत भारत के देखले हईं। सीमा सुरक्षित भईल त इंफास्ट्रक्चर क बड़हन–बड़हन कारो भइल। हाईवे, रेलवे एयरपोर्ट, मेडिकल कॉलेज, विश्वविद्यालय, नया संस्थानन क निर्माण अउर बिना भेद–भाव जरूरतमंद लोगिन के गरीब कल्याणकारी योजना क लाभ मिलि रहल हौ। दुइ हजार चउदह के बाद खाली सबका साथ–सबका विकास क मंत्र के हिसाबि से बिना भेद भाव योजनन क लाभ दिहल जा रहल हौ। हर गरीब, व्यौपारी, महिला, नौवजवान अउर किसानन के लाभ मिलि रहल हौ। सुरक्षा सब्सीडी सबके दिहल जात हौ। नया भारत में नौजवान लोगिन के आजीविका क इंतिजाम, आस्था क सम्मान, पौराणिक विरासत के संरक्षण क कारों हो रहल हौ। विकास के सथहि आम नागरिकों के जोड़े क कार हो रहल हौ। बेटी–बहिन अउर व्यौपारी के सुरक्षा क गांरटी हौ। किसान के विकास के अभियान के साथे जोड़े क गारंटिये मोदी क गांरटी हौ।

**********

कर्नाटक क राज्यपाल थावरचंद गहलोत आजु अजोध्या धाम में रामलला क दर्शन पूजन कइ के मंगलकामना कइलें। उहां के कहली कि कइ सौ वरिस क इंतिजार के बाद राम भक्तन क ओम्मेद पूरा भइल हौ। एकरे सथहीं अजोध्या में इतिहासिक परिवर्तन भइल हौं, अजोध्या विकास के राहि पर तेज गति से आगे बढ़ रहल हौ। देश अउर दुनिया क लोगि अजोध्या अउर भगवान रामलला क दर्शन करे बदे आ रहल हवें। एहसे पहिले राज्यपाल थावरचंद गहलोत के सर्किट हाउस में गार्ड ऑफ ऑनर भी दिहल गइल।

**********